

## Ki Moun Ki Ekri Konstitisyon Etazini an?

**Otè:** Candice Ranson

**Liv:** McGraw-Hill

**Tip de Tèsk:** Ekspoze

**Kesyon Esansyèl:**

Kisa moun ki konn rezoud pwoblèm byen konn fè?

(Aprann kouman premye lidè peyi Etazini te kreye konstitisyon an)

Nan lane 1787, katran apre lagè revolisyon an te fini, Etazini t ap goumen pou rete ini ansanm. Pandan lane lagè yo, tout eta yo te reyni fòs yo ansanm anba “Atik Konfederasyon”. Atik yo te mete sou pye yon gouvènman federal pou defann **inyon** an, men li te bay chak eta pouvwa pou gouvène. Men Atik la pa t mache. Sa vin koze lidè eta yo pou rankontre nan yon **konvansyon** nan Philadelphia pou diskite kisa yo ka fè pou kenbe nasyon an ansanm.

Anpil nan eta yo te gen pwoblèm fwontyè ak lòt eta. Yo te gen pwoblèm pou fè biznis sou fwontyè. Eta yo pa t gen lajan, anpil nan yo enprime lajan. Men lajan sa yo pa t gen lòt ousnon ajan pou garanti yo. Anpil nan lajan yo pa t gen valè.



Enpo se te yon lòt pwoblèm grav. Etazini te vin gen anpil dèt akòz lagè a. Etazini te dwe sitwayen ki gen anpil lajan, peyi Lafrans ak La Oland. Gouvènman te mande tout eta pou poze enpo sou tout rezidan pou li ka peye dèt peyi a. Anpil nan eta yo pa t dakò pou fè sa. Moun te dwe peye enpo ak lajan kach. Anpil sitwayen òdinè pa t gen lajan. Yo te kon fè echanj sa yo elve nan jaden ousnon nan yon fèm pou sa yo bezwen. Yo pa t ka peye enpo ak sa yo grandi oubyen elve. **Sitiyasyon**

an te vin pi grav pou peyizan yo. Eta yo yo te mennen yo nan tribinal epi sezi tè, bèt ak pwopriyete yo. Anpil peyizan te revòlte nan Massachusetts epi yo anvayi tribinal la. Yo fèmen li. Ki sa delege yo pral fè?

### **Poukisa revolt la te enpòtan?**

An Oktòb 1786, federasyon Kongrè decide itilize twoup federal pou estope rebèl. Men eta yo pa t vle ranbouse depans lan. Lidè Massachusetts yo te oblije kolekte lajan pou peye sòlda yo. Men sa pa t kalme peyizan yo. Massachusett te oblije pase yon lwa pou ede peyizan peye dèt yo. Sa te vinn kalme rebelyon an. Men sa te montre Atik Federasyon an pa t bon epi gouvènman an te fèb.



**Revòlt Shay**

Yon mesye yo te rele Randolph te prezante yon plan James Madison, yon deleje nan Eta Virginia, te ekri. Plan an te sikjere yon legislati nasyonal ki gen de branch: **Chanm Depite**, pèp la eli; Sena manm chanm nan ap nonmen. Tou de ap eli prezidan Etazini ak jij federal yo.

Karant delege koumanse revise plan Randolph la le 30 me. Atik Konfederasyon an mete sou pye konfederasyon kòm gouvènman federal. Delege konvansyon yo kreye yon gouvènman solid ki gen twa branch: Lejislatif, Ekzekitif, jidisyè. Branch lejislatif yo rele Kongrè epi li pase lwa.

Prezidan an ap chèf branch Ekzekitif, lap ranfòse lwa yo. Tribinal nasyonal yo reprezante branch jidisyè a. Pouvwa ap pataje ak twa branch sa yo. Youn pap gen plis kontwòl gouvènman an pase lòt.



**Edmund Randolph**

Chak eta ap gen yon sèl vwa kèlkeswa gwosè popilasyon li. Men gen eta ki gen plis moun pase lòt. Plan Virginia a te chanje sa. Daprè plan an, popilasyon an ap eli depite yo. Nonm depite yo ap depann de popilasyon eta a. Eleksyon Senatè depann dapre popilasyon eta a.

## Gwo Konpwomi

Delege nan gwo eta yo pat dakò reprezantasyon egal. Connecticut sijere chak eta gen de reprezantan nan Sena paske gwo eta deja gen avantaj depite akòz popilasyon yo. Yo te vinn dakò konpwomi sa a pou yo pat pèdi tout.

Chak delege yo resevwa kopi konstitisyon an lendi 6 out. Konstitisyon an te gen ventwa atik epi chak atik gen seksyon I. Delege yo divize an komite pou revize ak rezoud pwoblèm ki ka genyen ak chak atik.

Yo te prezante vèsyon final konstitisyon an 12 septanm.



**Premye Konstitisyon an**



**Delege Konvansyon nan Philadelphia**

## Kesyon:

Kouman plan Virginia a chanje gouvènman an?

Poukisa delege yo fè komite pou rezoud pwoblèm nan atik konstitisyon an?

Kouman delege yo rezoud pwoblèm reprezantasyon nan kongrè?